# आकाशवाणी, गोरखपुर

## दिनांक–10 दिसम्बर 2024 भोजपुरी समाचार

मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ कहले कि कालचक्र केहू क परवाह नाहीं करे ला। एकर प्रवाह लगतारे चलत रहे ला, येह नाते हमनी के खुद के समय के हिसाबि से तइयार करे के होई। मुख्यमंत्री कहलें कि समय के हिसाबि से खुद के तइयार न कइ पावे वाले पाछे छूटि जालें। मुख्यमंत्री आजु गोरखपुर में महाराणा प्रताप सिक्षा परिसद के संस्थापक सप्ताह समारोह के समापन के मौका पर छात्रन अउर सिक्षकन के सम्बोधित करत रहलें। उहां के युवा पीढ़ी के मोबाइल फोन पर जियादा समय बितवले पर चिन्ता जतावत कहलीं कि युवा पीढ़ी मोबाइल के इस्तेमाल पर बिना मतलब समय गंववले से बचें। उहां के छात्रन के नसीहत दिहलीं कि ऊ लोगि आपन समय प्रकृति के बिच्चे रचनात्मक कार्यन अध्ययन अउर कौसल विकास कै गतिविधियन मे बितावैं ताकि एगो बेहतर भविस्य बना सकें। येह मौका पर समाज सुधारक अउर नोबल पुरस्कार विजेता कैलाश सत्यार्थी कहलें कि करूणा क भूमण्डलीकरण कइल समय क मांगि हवे। करूणा के खाली दया आ परोपकार के तरियन नाहीं लिहल जा सके ला। ई सामान्य मानवीय गुण नाहीं, बलुक दैवीय सक्ति हवे। उहां के कहलीं कि हम्मे जिनगी में चेतना अउर बुद्धि के यात्रा में करूणा के महातम के समझे के होई। समारोह में मुख्यमंत्री सिक्षा अउर खेल में बढ़ियां परदरसन करे वाले सिक्षकन अउर करमचरियन के सम्मानितो कइलें।

**********

आजु उत्तर प्रदेस के ले के पूरा देस में मानवाधिकार दिवस मनावल जा रहल हवे। हर सालि दस दिसम्बर के मानवाधिकार के बारे में सार्वभौम घोसणा के यादि में ई दिन मनावल जाला। येह मौका पर नई दिल्ली में राष्ट्रीय मानवाधिकार आयोग की ओरि से आयोजित कार्यक्रम के सम्बोधित करत राष्ट्रपति कहलिनि कि साइबर अपराध अउर जलवायु परिवर्तन मानवाधिकारन खातिर नया चुनौती हवे। राष्ट्रपति सज्जो लोगिन के अधिकारन अउर गरिमा क सुरक्षा करे वाले समान डिजिटल वातावरण के सुनिस्चित कइले के महातम पर जोर दिहलिनि। उहां के कहलीं कि डिजिटल जुग परिवरतनकारी हवे, बाकिर एहसे साइबर बुलिंग, डीप फेक, गोपनीयता से जुड़ल चिंता अउर गलत सूचना क प्रसार जइसन मुद्दो सामने आइल हवे। येही क्रम में प्रदेस क बनारस, प्रयागराज, लखनऊ, अमरोहा, गोरखपुर अउर बस्ती के ले के कई गो जिलन में गोस्ठी अउर रैली निकारि के मानवाधिकार के बारे में आम लोगिन के जागरूक कइल गइल।

**********

मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ आजु गोरखनाथ मंदिर में आयोजित जनता दरसन कार्यक्रम के दौरान कई गो जिलन से आइल डेढ़ सौ से बेसी लोगिन क समेस्या सुनलें अउर सम्बन्धित अधिकरियन के ओकर जल्दिये निस्तारण क निरदेस दिहलें। उहां के कहलीं कि हर समेस्या क निस्तारण गुणवत्तापूर्ण, पारदरसी अउर संतुस्टिपरक होखे के चाही। उहां के अधिकरियन से कहलीं कि केहू के साथे अन्याय नाहीं होखे के चाही। हर पीड़ित के साथे संवेदनसील व्यौहार अपनावत ओकर सहायता कइल जाव। जमीनि कबजा करे वालन, कमजोर लोगिन क घर उजाड़े वालन पर कड़ेर कार्रवाई कइल जाए।

**********

श्रीकाशी विश्वनाथ धाम कॉरिडोर के बनले के तीनि सालि पूरा भइले पर आजु से मंदिर परिसर में उत्सव मनावल जा रहल हवे। बारह दिसम्बर से महारूद्र पाठ सुरू होई अउर तेरह दिसम्बर के काशी विश्वनाथ धाम में सज्जो देव–विग्रहन क अभिषेक कइल जाई। येह दौरान सांस्कृतिक कार्यक्रमों आयोजित कइल जाई।

**********

महाकुंभ दुइ हजार पचीस में संस्कृतियो क संगम देखाई देई। मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ के अगुआई वाली प्रदेस सरकार महाकुंभ के दौरान गायन–वादन, नृत्य के ले के हर विधा के कलाकारन के मंच मुहइया कराई। दस जनौरी से चउबीस फरौरी ले सांस्कृतिक कार्यक्रमन क सिलसिला जारी रही, जेहमें कवि सम्मेलनों सामिल हौ। कवि सम्मेलन में उत्तर प्रदेस के सथहीं अउरियो प्रदेसन क कवियो सामिल होइहें। सरकार की ओरि से कवि विष्णु सक्सेना, बुद्धिनाथ मिश्र, अशोक चक्रधर, हरिओम पवार, कुमार विश्वास, शैलेष लोढ़ा, मनोज मुंतशिर, विनीत चौहान, अनामिका अम्बर, गजेन्द्र सोलंकी, दिनेश रघुवंशी अउर सुनील जोगी जइसन बड़हन कवियन क काव्य पाठ प्रस्तावित कइल गइल हवे।

**********

स्मार्ट इण्डिया हैकाथॉन के सतवां संस्करण क बिहने से सुरूआति होई। येह मौका पर देस भर में एक्यावन केन्द्रन पर कार्यक्रम आयोजित कइल जाई। येही कड़ी में मेरठ के शोभित विश्वविद्यालय में इग्यारह अउर बारह दिसम्बर के कार्यक्रम आयोजित होई। स्मार्ट इण्डिया हैकाथॉन एगो राष्ट्रीय पहल हौ, जेकर उद्देस्य छात्रन के उनके दैनिक जिनगी के समेस्या के सुलझावे खातिर एगो मंच दीहल अउर नवाचार क संस्कृति अउर समेस्या समाधान के मानसिकता के प्रोत्साहित कइल हवे।

**********

परिवहन निगम के पनरह हजार करमचारियन क महंगाई भत्ता आठ फीसदी बढ़ा दीहल गइल हवे। अबहिन ले ओन्हें अड़तीस फीसदी महंगाई भत्ता मिलत रहल जवन बढ़ि के छियालीस फीसदी हो गइल हवे। परिवहन मंत्री दयाशंकर सिंह कहलें कि महंगाई भत्ता बढ़ले से परिवहन निगम पर करीब पांच करोड़ रूपिया क अतिरिक्त भार आई।

**********